

# 1 mas

**Se yon pawòl fidèl epi ki merite pou tout moun resevwa l, sè ke Jezi Kris vini nan lemond pou l sove pechè. E, pami yo, se mwen ki pi mal.** 1 Timote 1. 15

**Pawòl sa yo se fidelite ak verite yo ye.**

Revelasyon 21. 5

## **M pa kapab fòse tèt mwen !**

“Ou gen chans dèske ou kwè, ou gen lafwa, men mwen m pa genyen ! M pa ka fòse tèt mwen, m pa ka fè anyen”. Ak mo sa yo, Marion mete bout nan yon konvèsasyon ki te mare pye l...

Eske lafwa se yon privilèj pou sèlman kèk moun, oubyen èske se rezilta jefò nou fè pou nou imajine ? Non ! Lafwa se resevwa temwayaj Bondye a : Li vle fè kreyati Li yo Li renmen an konnen Li. Eske sa gen zafè fòse ladan l, lè se sèl kwè pou yon moun kwè nan Bondye ki te kreye nou nan imaj li pou n ka konnen yon relasyon toutbon vre ak Li ?

Bondye pale ak lèzòm plizyè fason. Li vle lòm ka konprann mesaj li yo.

– Kreyasyon an se premye mesaj Bondye, li inivèsèl. Temwayaj “pisans etènèl li ak divinite l”, bonte li, rann moun ki refize l la, san eskiz epi malere (Women 1. 20). Se pa zafè fòse, men pou nou bese tèt nou pou n adore Bondye mèvèye sa.

– Bondye pale ak lèzòm pa mwayen Bib la tou. Mesaj sa pale ak konsyans ak kè tout moun. Bondye revele l a sila k ap di l dwat jan l ye a san fè lòt lide epi li konvenk li de “bagay nou pa ka wè yo” : se lafwa (Ebre 11. 1). Lè ou kwè konsa, se pa yon jefò ou fè, men se yon demaj onèt.

– Bondye voye tou kèk mesaj pèsònèl : pa mwayen detay nan lavi chak jou mwen yo, nan konsyans mwen, l ap rele m. Nou dwe koute l...

Lè w refize mesaj sa yo, se meprize yo ; se fè Bondye pase pou mantè (Jan 3. 36). Ann resevwa pito mesaj esansyèl Bondye sa ak dousè : Li di nou, Li renmen nou e Li te voye yon sovè pou nou.

# 1 mars

**Cette parole est certaine et digne d'être pleinement reçue : le Christ Jésus est venu dans le monde pour sauver les pécheurs.** 1 Timothée 1. 15

**Ces paroles sont certaines et véritables.**

Apocalypse 21. 5

## **Je ne peux pas me forcer !**

“Tu as la chance de croire, tu as la foi, pas moi ! Je ne peux pas me forcer, je n’y peux rien”. Par ces mots, Marion met un terme à une conversation embarrassante...

La foi est-elle un privilège réservé à quelques-uns, ou le fruit d’un effort d’imagination ? Non ! La foi consiste à recevoir le témoignage de Dieu : il veut se révéler à ses créatures qu’il aime. Peut-il être question de se forcer, quand il s’agit de croire en Dieu qui nous a créés à son image pour connaître une vraie relation avec lui ?

Dieu parle à l’homme de façons variées. Il veille à ce que ses messages soient compréhensibles.

– La création est le premier message de Dieu, il est universel. Ce témoignage à “sa puissance éternelle et sa divinité”, à sa bonté, rend inexcusable et malheureux celui qui le refuse (Romains 1. 20). Il ne s’agit pas de se forcer, mais de s’incliner pour adorer ce Dieu merveilleux.

– Dieu parle également aux hommes par la Bible. Ce message s’adresse à la conscience et au cœur de tous. À celui qui la lit avec droiture et sans a priori Dieu se révèle et il lui donne d’être convaincu de “réalités qu’on ne voit pas” : c’est la foi (Hébreux 11. 1). Croire ainsi ne relève pas d’un effort, mais d’une démarche honnête.

– Dieu adresse aussi des messages plus personnalisés : par les détails de ma vie quotidienne, dans ma conscience, il m’interpelle. Il s’agit d’écouter...

Refuser ces messages revient à les mépriser ; c’est faire de Dieu un menteur (Jean 3. 36). Recevons plutôt avec douceur le message essentiel de Dieu : il nous dit qu’il nous aime et qu’il nous a donné un Sauveur.